

Liy Sijè a: Mesaj enpòtan NYCHA - verifye si enfòmasyon pou kontakte ou yo ajou!

Chè Rezidan,

Ijans COVID-19 la raple nou enpòtan pou gen kominikasyon ki a tan epi ki egzak. Pou voye avètisman ak mesaj ki enpòtan pou ou, NYCHA pral lanse yon nouvo sistèm notifikasyon an mas ki rele Everbridge. N ap voye notifikasyon sa yo pa mesaj tèks, koutfil telefòn, oswa imèl bay moun ki chèf kay ou a. Nou pral voye mesaj sa yo nan lang angle, chinwa senplifye, ris, oswa panyòl - selon lang ou te mete pou preferans ou nan Re-konfimasyon Anyèl ou a.

Tanpri pran yon momban pou w verifye si nou gen bon enfòmasyon pou kontakte moun ki chèf kay ou a. Pou fè sa, ale nan seksyon "My Profile" (Pwofil Mwen) an nan Sit Sèvis Otomatik NYCHA a ki nan (<https://selfserve.nycha.info/>) oswa nan ekran "Preferences" (Preferans) nan aplikasyon MyNYCHA a. Epitou, ou ka rele Sant Kontak Kliyan (Customer Contact Center, CCC) nan 718-707-7771 pou konfime enfòmasyon ou ak yon reprezantan.

Si ou pa deja genyen li sou telefòn oswa tablèt ou, telechanje aplikasyon MyNYCHA ou a nan Magazen Apple Store oswa Google Play la - li gratis epi li pèmèt ou kreye bon kòmand, peye lwaye ou sou entènèt, ak plis toujou.

Mesaj tèks Everbridgge yo soti nan nimewo 89361. N ap raple ou konpayi telefòn ou ka chaje ou frè pou resevwa mesaj tèks, selon plan telefòn ou genyen an. Si ou pa vle resevwa mesaj tèks sa yo, ou ka reponn ak "STOP" (sispann) nenpòt ki lè. Pou rekòmanse resevwa mesaj tèks a yo, voye yon tèks ak "RESUME" (rekòmanse).

Imèl Everbridge voye ba ou yo pral soti nan New York City Housing Authority (Otorite Lojman Vil New York, nan imèl noreply@everbridge.net). Ajoute imèl sa a nan kontak ou yo pou garanti ou resevwa imèl enpòtan sa yo.

Koutfil Everbridge yo ap soti nan nimewo sa yo, selon lang ou prefere a. Ajoute nimewo telefòn pou lang ou a nan kontak ou yo pou w ka konnen kiyès k ap rele. Ou ka rele nimewo sa yo nenpòt ki lè pou tandè dènye mesaj ou yo.

- Anglè: 718-865-3518
- Chinwa: 718-866-3783
- Ris: 718-612-7878
- Panyòl: 718-612-7902

Mèsi pou kolaborasyon ou. Nou pral kontinye baou enfòmasyon enpòtan yo a lè ak plizyè metòd kominikasyon. Si w gen nenpòt kesyon, pandan tanpri rele CCC nan 718-707-7771.

Ak tout senserite,
Otorite Lojman Vil New York